

Chè fanmi,

Edikatè ak estaf lekòl pitit ou ye a, ak tout nou menm nan DOE, kontinye travay 24 sou 24 pou prepare yon ouvèti lekòl sennesòf an septanm. Yon gwo pati nan planifikasyon an repoze sou ou! Jodi a mwen ap bay enfòmasyon anplis ak yon rapèl enpòtan pandan n ap apwoche nan septanm.

Tout lekòl yo ap prepare kounye a pou yon modèl aprantisaj mik. Aprantisaj mik vle di elèv yo aprann yon pati an pèsòn nan bilding lekòl la, ak kontinye aprantisaj adistans lan, lakay, nan lòt jou semèn yo. Nenpòt fanmi ka chwazi tou aprantisaj adistans otòn sa a, pou nenpòt rezon. **Si tout - aprantisaj adistans lan se sa w prefere, nou mande w pou ranpli yon ti fòm kout atravè sitwèb la nan [schools.nyc.gov/returntoschool2020](https://schools.nyc.gov/returntoschool2020), oswa nan telefòn 311, pa pita pase Vandredi 7 out sa a. Si w kòmanse nan aprantisaj mik la, ou ka decide pi ta pou pase nan tout - adistans lan, men pou pi byen sipòte lekòl yo nan planifikasyon pou ouvèti a, nou mande pou sa ki prefere 100% adistans, avize nou nan jou Vandredi 7 out.**

**RANPLI YON FÒM KOUT KOUNYE A SI W TA  
RENMEN KONTINYE TOUT - APRANTISAJ  
ADISTANS LAN OTÒN SA A**

Pandan w ap reflechi ki modèl aprantisaj ki pi bon pou pitit ou, mwen vle pou redeclare prensip gid nou ki aplike nan edikasyon chak elèv, Tout elèv pral aprann senk jou pa semèn, epi pwofesè yo pral kontinye delivre enstriksyon wo kalite ki adapte avèk kilti ak devlopman apwopriye pou tout elèv, nan tout kote moun ap aprann.

Nou ap pataje enfòmasyon anplis pi ba a konsènan toulede enstriksyon mik ak tout-enstriksyon adistans pou ankouraje w pou fè chwa sa a. Sa a ogmante enfòmasyon yo voye bay fanmi yo ki nan lèt la nan fen jiyè k ap konpare aprantisaj mik ak adistans, ke ou ka jwenn nan [schools.nyc.gov/messagesforfamilies](https://schools.nyc.gov/messagesforfamilies).

#### Tip Anseyman ak Aprantisaj

Menmsi pitit ou ap patisipe nan aprantisaj mik oswa 100% adistans, li pral jwenn enstriksyon nan 1) nan entèksyon andirèk avèk pwofesè li ak 2) nan ranpli poukont li devwa ak pwojè pandan jounen lekòl la ak semèn la.

#### Pwofesè

Yo pral anseye elèv ki angaje nan aprantisaj adistans lan, pou pi fò tan an, nan kominote lekòl li. Pandan ka gen kèk eksepsyon ki limite dapre chak lekòl, paran ka atann pou pitit li a gen pwofesè ki nan kominote lekòl li a lè l resevwa orè konplè li a avan ane lekòl la kòmanse.

#### Entèksyon andirèk

Pwofesè yo pral bay enstriksyon chak jou andirèk pou tout elèv ki nan aprantisaj adistans konplè an, ansanm avèk lòt elèv k ap patisipe nan modèl aprantisaj mik la. Pwofesè yo pral delivre enstriksyon andirèk nan entèval kout (15–20 minit konsekitif) atravè jounen lekòl la pou elèv nou yo ki pi jèn yo epi sa ka ogmante nan longè dapre nivo klas ak etap devlopman elèv la. Nou pral pataje enfòmasyon anplis enstriksyon andirèk nan semèn k ap vini yo.

### Poste orè

Lekòl yo pral poste orè klas ak enstriksyon andirèk pou tout elèv—sa k nan aprantisaj adistans konplè yo ansanm avèk sa k ap patisipe nan aprantisaj mik—sou entènèt. Ou pral gen aksè nan orè sa yo davans, konsa ou ka planifye travay ou ak angajman fanmi w. Lekòl yo pral asire tou elèv yo gen tan sifizan pou entèaksyon wo kalite avèk pwofesè ak kamarad klas yo.

### Sipò Dirèk

Pwofesè yo pral gen tan pou bay chak jounen lekòl pou angaje avèk elèv ak fanmi atravè konferans videyo oswa telefòn. Nou ankouraje w pou pwofite tan sa a pou fè mizajou ak pran konsèy sou aprantisaj ak pwogrè pitit ou.

### Manje midi nan Salklas

Pou pifò tan, yo pral bay manje midi an pèsòn nan menm tan enstriksyon an, dapre modèl ki baze sou pwogram manje maten nou yo. Nan lekòl primè yo, paegzanp, pandan manje midi, elèv yo pral patisipe nan aktivite aprantisaj ki amizan, angajan ak anrichisan tankou li awotvwa, aprantisaj sosyoemosyonèl, ak kontni atravè mizik. Nan lekòl presegondè ak segondè, pandan manje midi, elèv yo pral angaje avèk yon espesifik zòn kontni. Lekòl yo pral kenbe tout prensip sante sennesòf pou aprantisaj an pèsòn ak sa pou manje ak bwè pandan tan sa a.

### Bati kominote

Tout elèv yo pral gen woutin k ap bati kominote a, santre jounen an, ak prepare yo pou siksè. Sa a pral bay tout elèv yo avèk kominote an -ak eksperyans konstwi relasyon ki se pati entegral yon kominote lekòl tipik. Paegzanp, sa ka fèt nan yon reyinyon kotidyen chak maten kote pwofesè a ap angaje elèv yo nan aktivite ki gen rapò avèk byennèt sosyo- emosyonèl ak bati kominote an, oswa yon aktivite fèmti chak jou kote pwofesè a ap repase aprantisaj lan pou jounen an, epi prepare elèv yo pou pwochen jou an. Lekòl ak pwofesè yo pral pataje plis sou sa a pandan n ap apwoche premye jou lekòl la.

### Sipò sosyo-emosyonèl

Nou konnen sikonstans aktyèl yo nan pandemi a difisil anpil pou ou ak fanmi ou. Elèv yo rete izole, lwen pwofesè, kamarad, ak kominote lekòl yo. Pou rezon sa a, nou pral pèmèt tan pou pwofesè, estaf ki nan lekòl la ak elèv pou reajiste nan lekòl la ak adapte chanjman yo. Anplis, nou pral entegre aktivite sosyo- emosyonèl ak swen pou enfòmè twoub nan matyè akademik nan yon mezi pi laj pandan jounen an. Nou pral bay priyorite ak sipò sante mantal atravè ane lekòl la tou.

### Nòt

Tout elèv ka satisfè menm obligasyon akademik yo, menmsi yo angaje nan 100% aprantisaj adistans oswa mik. Pwofesè a, pandan l ap gade travay klas pitit ou a, responsab pou chwazi evalyasyon pou mezire pwogrè elèv yo. Sa ka gen ladan pwojè, egzamen yo bay anndan oswa deyò platfòm sou entènèt, pòtfolyo, ak lòt mezi kote elèv yo metrize.

Pa gen dout ke nou aprann anpil depi mas—toulede sou viris la, ak sou kapasite pou kenbe aprantisaj la avanse pandan tan difisil sa a a. Se poutèt sa nou pa pral fikse anyen sòf sa eksperyans enstriksyon ki pi angajan ak solid pou pitit ou, nan kèlkeswa modèl aprantisaj ou chwazi. Bezwen w—ansanm avèk bezwen pitit ou ak estaf la k ap sèvi w —kontinye pou rete nan sant planifikasyon pou ouvèti lekòl la.



N ap voye plis enfòmasyon nan jou ak semèn k ap vini yo. Kòm toujou, nou ankouraje w pou gade [schools.nyc.gov/returntoschool2020](https://schools.nyc.gov/returntoschool2020) pou dènye enfòmasyon ane pwochè lan pral pote.

Mèsi poutèt ou fè pati fanmi DOE a.

Avèk senserite,

A handwritten signature in black ink, which appears to be 'Richard A. Carranza'.

Richard A. Carranza  
Chanselye  
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk